

Pou Piblikasyon Imedya: 17/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTWIKSYON YON PWOJÈ 17.3 MILYON DOLA POU YON LOTISMAN LOJMAN BON MACHE NAN VIL LANSING**

***Milton Meadows Apartments Pral Ofri 72 Kay nan Sant Vil la***

***Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstwiksyon yo nan yon nouvo pwojè devlopman lojman 17.3 milyon dola ki a pri abòdab ki gen ladan 71 apatman ki a pri abòdab nan Vil Lansing, Konte Tompkins. Milton Meadows Apartments, ke Rochester’s Cornerstone Group devlope, se premye faz nan konstwiksyon nan nouvo Sant Vil Lansing epi li pral twouve li tou pre arè bis Zòn Tranzit Konte Tompkins, ansanm ak etablisman swen pou timoun, ak lekòl ak biznis wo nivo.

“Milton Meadows Apartments pral pwopoze opsyon lojman pou fanmi ak endividi ki an sekirite pou sila yo ki plis bezwen li, pandan l ap pote van renouvo nan kominote Lansing nan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman sa a pral ede transfòme katye a, kreye nouvo opòtinite travay epi konstwi sou inisyativ pou pèmèt Southern Tier kontinye pwospere.”

“Pwojè Milton Meadows Apartments la nan Lansing pral ajoute nan fason ki enpòtan anpil opòtinite lojman abòdab pou moun ki nan Konte Tompkins”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè sa a pral asire yon ogmantasyon nan aksè opson lojman bon jan kalite ak bay sèvis sipò pou rezidan yo. Investisman siyifikatif la ap fasilite avansman revitalizasyon kominote a epi pral kontinye fasilite kwasans ekonomi tout rejyon Southern Tier la.”

Angajman Gouvènè Cuomo a pou li ranfòse kominote yo ak devlope ekonomi Southern Tier la parèt atravè Southern Tier Soaring, yon investisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) ki te enjekte plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012. Investisman Eta a nan Milton Meadows Apartments ap konplete Southern Tier Soaring pandan l ap ogmante aksè ak lojman abòdab bon jan kalite k ap bay sèvis sipò pou ede rezidan yo viv nan fason ki endepandan nan kominote yo.

Konplèks Milton Meadows Apartments lan ap genyen ladann 10 bilding, k ap genyen 72 apatman youn a twa chanm, sou 5.5 ekta sou teren 63 ekta Sant Vil Auburn Road la. Li tou pre entèseksyon Route 34/34B, ki twouve li dirèkteman pa lòt bò Meri Lansing nan, biblyotèk, sant kominotè ak teren pou jwe boul la. Pral genyen nèf bilding

apatman de etaj, kote yon dizyèm nan bilding nan pral sèvi espas kominotè ak egzèsis, lesiv ak sal òdinatè. Tout bilding yo pral genyen klimatizasyon santral ak sistèm chofaj ke Energy Star evalye ansanm ak ekleraj ak aparèy. Pwojè a pral reponn ak estanda Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy, Research and Development Authority, NYSERDA) Konstwiksyon Ba ansanm ak LEED Silver. Yo prevwa konstwiksyon yo ap fin konplete nan yon ane.

Lwaye brit (lwaye plis sèvis piblik yo) ap varye soti 680 dola pou rive a 1,400 dola pa mwa, e lap abòdab pou fanmi ki gen 80% revni mwayen zòn revni medyan an. Y ap mete senk apatman sou kote pou veteran ki genyen andikap fizik. Milton Meadows Apartments pral twouve li tou pre arè bis Zòn Tranzit Konte Tompkins nan Meri a epi l ap tou pre etablisman swen pou timoun ak lekòl wo nivo, ansanm ak yon seri opòtinite travay nan biznis ki nan rejyon an.

Pwojè a genyen sipò yon prim federal Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) kredi taks lojman revni fèb ki te jenere anviwon 9.9 milyon dola, ak yon prè 4.05 milyon dola nan Fon Fidisyè Lojman. Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè a (Community Preservation Corporation, CPC) te bay yon prè 2 milyon dola pou prè pèmanan atravè akò finansman ak Fon Retrèt Komen Eta New York (New York State Common Retirement Fund) lan. Anplis de sa, Fon Devlopman Lojman Kominotè Konte Tompkins ap bay 256,875 dola; NYSERDA ap bay 63,200 dola; epi Column Financial ap bay yon prè 850,000 dola.

Depi 2011, HCR te konstwi oubyen prezève plis pase 1,900 inite kay abòdab nan rejyon Southern Tier la ak plis pase 158 milyon dola nan resous HCR ki pwofite de plis pase 234 milyon dola sou fòm investisman prive.

**Kontwolè Eta New York Thomas P. DiNapoli, Depite nan Fon Retrèt Komen Eta New York di konsa,** “Nou kontan ede sipòte lojman Abòdab bon jan kalite nan Sant Vil Lansing. Nan patenarya nou ak Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè, non sèlman n ap ede revitalize yon kominote, n ap asire yon investisman ki an sekirite pou fon retrèt nou a”.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare:** “Milton Meadows Apartments pral bay plis pase 100 moun New York k ap travay di yon kote ki an sekirite epi k ap fè ekonomi enèji ke yo ka rele lakay yo sa ki pral sèvi katalizè pou devlopman Sant Vil Lansing. Lè etann opòtinite lojman abòdab, nou ranfòse ekonomi nou an epi nou ede Southern Tier kontinye pwospere”.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Milton Meadows mete lidèchip Gouvènè Cuomo an evidans nan rann aksè enèji pwòp ak renouvlab yon reyalite, yon reyalite pou tout moun New York epi ede fè objektif agresif eta a sou enèji pwòp ak klima avanse pandan l ap sipòte Southern Tier Soaring. Tout moun merite lojman ki an sekirite epi ki ekonomize enèji epi pwojè sa yo bay rezidan sèvis ki esansyèl, ogmante konfò ak avantaj depans enèji ki pi fèb”.

**Senatè Pamela Helming te deklare,** “Lojman ki an sekirite ak abòdab esansyèl nan reyisit kominote nou an. Pwojè sa a se yon viktwa pou tout rejyon nou an epi li pral ede ofri nouvo opsyon lojman pou fanmi k ap travay ak veteran andikape”.

**Manm Asanble Barbara Lifton te deklare,** “Mwen fyè dèske mwen te sipòte investisman enpòtan sa a nan kominote Lansing. Tandiske pri lojman kontinye ap ogmante nan Konte Tompkins, sa ki rann li difisil pou endividi ak fanmi jwenn aksè ak lojman bon jan kalite, pwojè Milton Meadows Apartments ap reponn ak yon bezwen esansyèl epi li pral fè yon gwo diferans nan lavi moun yo. Li twouve li tou pre tranzit piblik, swen pou timoun, lekòl ak opòtinite travay, sa a se yon espas ideyal pou mendèv lojman abòdab. Mwen espesyalman fyè pou mwen wè ke pwojè a mete sou kote inite pou veteran andikape, epi pwojè a pral sètifye LEED Silver. Gras ak Cornerstone Group, Gouvènè Cuomo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, ak tout lòt patnè ki enplike yo nan fè pwojè enpòtan sa a tounen reyalyite”.

**Martha Robertson, Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, te deklare,** “Nan non Lejislati Konte Tompkins ak Fon Devlopman Lojman Kominotè (Community Housing Development Fund), se yon plezi pou mwen remèsye tout patnè ki nan pwojè a ki anpil ki te ede mennen Milton Meadows nan Tompkins! Soti nan lidèchip nan Vil Lansing ki te bay sipò li rive nan vòt konfyans ajans Eta New York ki te patisipe finansyèman, mwen panse n ap dakò avèk mwen ke kolaborasyon se fason pou ede reyalye pwojè. Anplis ke li bay lojman pou mendèv, pwojè sa a pral yon modèl entèlijan ekonomi enèji, ak ponp chalè elektrik efikas, ekleraj LED ak plis toujou. Konpliman epi mèsi pou tout moun ki te patisipe yo”!

**Sipèvizè Vil Lansing Edward LaVigne te deklare,** “Milton Meadows Apartments se yon egzanp konkrè rezilta pozitif ke yon moun ka jwenn lè sektè piblik, prive ak san pwofi ap travay ansanm. Non sèlman rezidan nou yo k ap travay di pral genyen opsyon lojman nouvo, abòdab, pwojè sa a pral soutni devlopman ekonomik Lansing sa ki pral ranfòse tout kominote nou an. Mwen rekonesan pou Rochester’s Cornerstone Group, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta a ak patnè pwojè nou yo pou angajman ak investisman yo nan Lansing”.

**Roger Brandt, Prezidan Rochester’s Cornerstone Group te deklare,** “Cornerstone kontan anpil pou li travay ak Providence Housing Development Corporation pou devlope lojman mendèv kominotè sa a pou rezidan Lansing yo ke yo te bezwen anpil. Milton Meadows reprezante tou premye devlopman nan Sant Vil la epi li se yon katalizè pou devlopman ki gen pou vini”.

**Miriam Zinter, Ofisye Ipotekè pou biwo CPC nan Rochester te deklare,** “Nan CPC nou kwè ke lojman abòdab bon jan kalite se fondasyon pou konstwi yon kominote ki fò ak dinamik. Ak 72 inite lojman abòdab li yo, nou fyè ke Milton Meadows pral ofri plizyè inite pou veteran, moun ki andikape ak sila yo ki gen bezwen. Yon espas abòdab pou rele lakay ou, konbine ak yon anviwònman ki gen sekirite ak sipò, ka ede jwen estabilite yo bezwen pou viv ak diyite ansanm ak endepandans. Mwen ta renmen remèsye Rochester’s Cornerstone Group pou patenarya yo ki te kontinye ansanm ak devouman yo pou reponn ak bezwen lojman abòdab kominote a. Mwen ta renmen remèsye patnè finansye nou yo nan Fon Komen Retrèt Eta a, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote New York, Konte Tompkins, ak NYSERDA”.

### **Akselere “Southern Tier Soaring”**

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 6.2 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan

– atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)